

KONNEN DWA OU YO

Konsèy pou reponn a atak depòtasyon ICE



Dwa pou rete an silans

Ou gen dwa pou rete an silans. Ou ka refize reponn kesyon yo, menm si yo arete w. Nan kèk eta, yo ka mande w pou bay lapolis lokal oswa eta non w.



Dwa pou mande pou yon Manda Arestasyon

Ou pa p gen pou ouvè pòt la pou yo si yo pa gen yon manda arestasyon. Si yo gen yon manda, ou ka mande pou wè dokiman an.



Dwa pou pale avèk yon Avoka

Ou gen dwa pou pale avèk yon avoka ki gen lisans anvan ou reponn nenpòt kesyon. Kenbe enfòmasyon yo avèk ou an toutan.



Dwa pou pa Siyen Anyen

Ou gen dwa pou refize siyen nenpòt dokiman ICE prezante ba ou.



Rapòte Atak la

Enfòme yon avoka ki gen lisans ak/oswa yon gwoup kominotè resous imigrasyon sou atak la. Asire ke ou anrejistre otan de detay ke posib.



Enfòmasyon sa a pa fèt tankou konsèy legal. Pou w jwenn plis enfòmasyon kontakte yon avoka imigran oswa òganizasyon sipò nan zòn kote ou abite a.



[/unitehere](https://www.facebook.com/unitehere)

**UNITE
HERE!**

www.unitehere.org



[@unitehere](https://twitter.com/unitehere)

PREPARE YON PLAN FANMI

Konsèy pou reponn nan atak depòtasyon ICE



Prepare fanmi pwòch ou yo

- Konsilte avèk yon avoka imigrasyon sou sitiyasyon legal fanmi w.
- Gen nimewo telefòn avoka w yon kote ki vizib (sou frijidè oswa pòt) epi enfòmè fanmi w.
- Prepare yon lèt notarye ki bay yon moun ou fè konfyans pwokirasyon legal pou pran swen pitit ou yo, sizoka yo ta arete w.



Prepare dokiman ou yo

- Konnen ki dokiman pou gen avèk ou pandan toutan (Konnen vrè kat ou, nimewo telefòn avoka imigrasyon, nenpòt idantifikasyon ki valab nan Etazini).
- Kenbe dokiman enpòtan yo (batiste, sètifika maryaj, paspò ak nimewo kat etranje yon kote ki ansekirite e ki fasil pou jwenn aksè).



Prepare lajan w

- Kòmanse economize lajan pou defans ou. Pwosedi imigrasyon yo chè, sa ki gen ladan kosyon imigrasyon ak reprezantasyon legal..

Enfòmasyon sa a pa fèt tankou konsèy legal. Pou w jwenn plis enfòmasyon kontakte yon avoka imigran oswa òganizasyon sipò nan zòn kote ou abite a.

UNITEHERE!



www.unitehere.org